

F. Latihan Ulangan

I. Pilih jawaban nu benerna!

1. Lamun urang gaduh artos, kudu
 - a. dijaminkeun
 - b. ditabungkeun
 - c. dipasihkeun
 - d. dipiceun
2. Lamun urang jajan tambarakan, akibatna
 - a. matak séhat
 - b. matak cageur
 - c. matak nyeri padaharan
 - d. matak pinter
3. Kadaharan nu kakebulan jeung kaeunteupan laleur, bakal ngakibatkeun
 - a. nyeri sirah
 - b. nyeri padaharan
 - c. nyeri suku
 - d. nyeri leungeun
4. Kadaharan anu ngandung penyedap rasa bisa ngabalukarkeun ruksakna
 - a. usus
 - b. padaharan
 - c. jantung
 - d. paru-paru
5. Ieu di handap anu kaasup kana panyakit kulit, *iwal*
 - a. borok
 - b. cacar
 - c. cé nang
 - d. mengi
6. Panyakit anu karasana lain dina sirah, nyaéta
 - a. rieut
 - b. jangar
 - c. sesek
 - d. balideg
7. Panyakit *mengi* henteu sarua jeung panyakit
 - a. asma
 - b. batuk
 - c. sesek
 - d. eungap

8. Kecap *diuk* sarua hartina jeung kecap
- a. ngadapang
 - b. ngagolér
 - c. calik
 - d. gégéléhéan
9. Sabalikna tina kecap lemes *angkat*, nyaéta
- a. mantog
 - b. balik
 - c. mulang
 - d. mulih
10. Kecap *kedul* ngabogaan harti sabalikna tina kecap
- a. melid
 - b. getol
 - c. males
 - d. bangor